

• •

CHAPIT 24

Ki jan pou chèche asistans medikal

Nan chapit sa a:

Ki sèvis sant medikal ak lopital yo ka bay	433
Egzamen nan laboratwa	434 Zouti tranche ak akouchman nan ka dijans
Sonografi, fetoskòp “Doppler”, ak radygografi	435 Transfizyon san (bay san nan venn)
Medikaman	434 Zouti pou ede bebe ki malad
Konnen ki lè pou al lopital.....	438
Pran yon desizyon rapid pou al lopital	438
Travay an kolaborasyon ak sant medikal yo ak doktè yo.....	438
Pandan w nan sant medikal la	440

KI JAN POU CHÈCHE ASISTANS MEDIKAL

CHAPIT

24

Menm fanmsaj ki gen plis konesans ak eksperyans bezwen èd pafwa. Pa egzanp, emoraji grav, eklanmsi, oswa lè kòd lonbrik la tonbe e li kole, tout se pwoblèm ki pa ka trete lakay. Jan de pwoblèm medikal sa yo ka rezoud sèlman lè w itilize zouti ak teknik ki disponib nan yon sant sante oswa lopital.

Liv sa a konseye w ki lè w ta dwe mande konsèy medikal, ki lè w dwe chèche asistans medikal, epi ki lè w dwe mennen fi a nan yon sant sante oubyen yon lopital. Pafwa se ou menm ki pral deside ou bezwen kout men. Pa egzanp, ka gen teknik nan liv sa a ou pa t jwenn fòmasyon pou yo. Ou dwe chèche asistans nan men yon moun ki eksperimente olye pou w eseye aprann fè teknik sa yo nan liv la sèlman.



Ki sèvis sant medikal ak lopital yo ka bay

Lopital ak sant medikal yo gen bagay ki sove lavi, tankou zouti, ekipman, pwofesyonèl ki byen fòme pou yo itilize teknik medikal wo nivo, avèk medikaman ou pa ka jwenn lakay. Pifò pwosedi yo fè lopital yo trè itil lè yo nesesè. Epi gendelè, teknik ak zouti sa yo se sèl fason pou sove lavi yon fi.


Nan chapit sa a, nou site kèk kalite asistans ou ka jwenn nan yon sant medikal oubyen nan yon lopital. Nou bay kèk lide sou ki lè pou w chèche èd, epi ki jan pou w travay avèk pèsonèl lopital yo ak lòt pwofesyonèl k ap travay nan domèn swen sante a.

Sonje sa: Pou pifò tranche, ou pa bezwen zouti ak pwosedi medikal ki wo nivo. Nan anpil lopital, yo sèvi ak zouti sa yo twòp. Pa egzanp, pi souvan yon fanm ansent pa bezwen yon sonografi (foto pitit la nan matris manman an). Men, gen anpil lopital kote yo fè youn pou chak fanm ansent. Gen lopital ak doktè ki fè yon seri teknik ki pa nesesè epi ki danjere tou. Pa egzanp, gen doktè ki fè yon epizyotomi (koupe vajen fi a) nan chak akouchman. Sa pa nesesè, e li ka lakòz enfeksyon ak lòt pwoblèm apre akouchman an.


EGZAMEN NAN LABORATWA

Laboratwa gen zouti, tankou mikwoskòp, ak moun ki fòme pou fè egzamen san, egzamen pipi, egzamen poupopou, ak egzamen pati nan kò moun pou wè si gen maladi ak lòt pwoblèm sante. Pafwa yon egzamen nan laboratwa se sèl fason pou sèten sa ki lakòz yon pwoblèm. Pa egzanp, egzamen nan laboratwa ka montre w si yon fi fè anemi, si l gen enfeksyon nan vesi, oswa si l gen VIH.

SONOGRAFI, FETOSKÒP “DOPPLER”, AK RADYOGRAFI



Pafwa sant medikal yo gen yon machin ki ka pran foto pitit la pandan l nan matris manman an. Yo rele sa sonografi oswa ultrason. Ou ka vle fè yon sonografi pou konnen si fi a pote marasa oswa si pitit la nan pozisyon chita.




Yon fetoskòp “Doppler” ka pèmèt ou tandé batman kè bebe a, men l pa fè foto.

Gen yon lòt machin ki itilize radyografi pou fè foto zo moun ki anndan ko yo. Sa ka pèmèt ou wè si yon zo kase. Radyografi domaje selil ki anndan kò moun. Detwa radyografi ka pa ba w pwoblèm, men si w fè radyografi anpil fwa, sa ka lakòz kansè. **Yon fanm ansent pa dwe janm fè radyografi sof si sa vrèman nesesè.** Si yon fanm ansent dwe fè yon radyografi, vant li dwe kouvri ak yon tabliye ki fèt an plon pou pwoteje pitit la.

MEDIKAMAN

Yon doktè ki byen fòme, ki pran anpil prekosyon, e ki nan yon sant medikal ki byen ekipe ka bay medikaman ki t ap danjere si fi a te lakay li. Pa egzanp, **fanmsaj pa dwe janm bay “oxytocin” lakay lè l vle pou tranche a kòmanse oswa pou l ka chofe.** Men, yo ka bay “oxytocin” san danje nan yon sant medikal kote yo ka kontwole manman an aktout pitit la deprè, epi pitit la ka fèt pa mwayen sezaryèn rapidman si gen yon pwoblèm. Lè yon fi gen twòp tan ak tranche (gade paj 186), si yo ba l “oxytocin” nan yon sant medikal, sa ka fè l fè pitit la.

Nan yon sant medikal oswa yon lopital, ou gendwa jwenn medikaman pou yon bebe ki malad. Jeneralman li twò danjere oswa difisil pou bay yon bebe medikaman lakay.



Lè gen moun k ap suiv deprè epi yo ka fè sezaryèn, yo ka bay “oxytocin” nan sewòm san danje.

ZOUTI TRANCHE AK AKOUCHMAN NAN KA DIJANS

Nan pati sa a nou esplike kèk teknik ki ka sèvi nan yon sant medikal pou chofe tranche a oswa pou fè pitit la soti pi vit. Teknik sa yo konn sove lavi bebe ki an danje, epi yo konn sove lavi manman ki fè anpil tan avèk tranche, oswa ki riske fè enfeksyon.

Fè manman an pase likid

Lè yon fi gen tranche depi yon pakèt èdtan san 1 pa fè okenn pwogrè, gen doktè (ak fanmsaj) ki konn itilize yon zouti esterilize pou pete sak dlo matris la. Jeneralman sa ap fè bebe a desann byen vit sou kòl matris la epi sa chofe tranche a.


Lè manman an pase likid, sa ogmante risk pou l fè enfeksyon epi sa ka kanpe tranche a si tèt la desann rapid nan yon move pozisyon.



"Amniohook" se yon zouti pou pete sak dlo a


Zouti akouchman

Lè yon bebe kole nan pasaj vajen an, yo konn rale l soti avèk yon pens espesyal oswa yon aspiratè yo rele vantouz.



Pens sa a se pou kenbe tèt bebe a epi rale l soti anndan manman an.

Aspiratè yo rele vantouz la kole nan tèt bebe a epi li sèvi avèk yon presyon pou l rale pitit la soti nan vajen an.



Pens espesyal ak aspiratè se bagay yo itilize trè raman, e yo twò danjere pou itilize yo lakay. Men, si bebe a riske mouri (epi nan kèk lòt ka dijans), zouti sa yo se mwayen ki pi rapid e pi bon pou mete pitit la deyò.

Note sa: Nou dwe eseye evite itilize aparèy sou yon fi ki gen VIH. Lè w itilize yo sa ogmante risk pou bebe a trape maladi a.

Sezaryèn

Raman yo oblige fè yon operasyon pou sove lavi manman an oswa pitit la. Pa egzanp, si bebe a nan yon pozisyon ki fè l enposib pou l fèt, se sèlman yon operasyon ki ka mete l deyò. Operasyon nesesè tou lè bebe a ak manman an an gwo danje nan moman an, tankou lè plasenta a dekole oswa kòd lonbrik la tonbe epi l kole.


Pafwa yo konn fè yon operasyon lè manman an enfekte ak VIH. Lè se grasa operasyon pitit la fèt li gen mwens chans pou l enfekte ak VIH pandan akouchman an.

Sepandan, yon operasyon sezaryèn ka lakòz gwo pwoblèm. Pa egzanp, fi a ka fè alèji ak anestezi a. Ensizyon nan vant li ka pa vle geri byen oswa li ka enfekte. Fi a ka gen pwoblèm pou l bay tete oswa pou l pran swen pitit la paske apre operasyon an l ap pran plis tan pou l refè. Fi ki akouche pa mwayen sezaryèn bezwen plis repo, plis swen, ak plis èd.


Note sa: Sezaryèn fèt twò souvan! Kèk doktè prefere sezaryèn paske yo ka chwazi lè akouchman an ap fèt yo menm, oswa paske yo fè moun peye plis lajan pou sa. Gen kèk kote, pifò fi fè pitit yo pa mwayen sezaryèn. Men, **sezaryèn dwe fèt sèlman nan ka dijans kote sante manman an oswa sante bebe a an danje.**

Senfizyotomi (“Symphysiotomy”)

Senfizyotomi se yon koupi yo fè nan mitan zo basen manman an. Yo fè l pou ouvri basen manman an ki twò piti, yon fason pou bebe a ka soti nan vajen an. Li pi fasil pou fè l pase yon sezaryèn, men se sèlman kèk kote yo fè l nan monn nan paske li pa toujou mache. Li ka lakòz pwoblèm tou, tankou li ka blese vesi a oswa li ka lakòz yon domaj pèmanan.



Operasyon sezaryèn



TRANSFIZYON SAN (BAY SAN NAN VENN)




Yon fi ki pèdi anpil san apre akouchman oswa akoz lòt pwoblèm (tankou yon avòtman ki mal fèt) ka chwazi pou yo ba l san nan venn. Gen kote yo ka vle w mennen yon manm fanmi l ki pou bay san pou li.

Lè yon fi pèdi anpil san, yon transfizyon san ka sove lavi l.

Transfizyon san se yon bagay ki ta dwe fèt sèlman nan ka dijans, paske san an ka gen enfeksyon tankou epatit ak VIH. Si yon fi pran san nan men yon moun ki gen enfeksyon, li pwobab pou l pran enfeksyon an tou. Nan anpil kote, yo teste san an pou wè si l pa gen kèk kalite maladi, men malgre sa toujou gen chans pou yon moun trape maladi nan pran san.

ZOUTI POU EDE BEBE KI MALAD



Kouvèz

Nan zòn ki pa gen anpil sèvis medikal, anpil bebe ki fèt tou malad pa ka jwenn bonjan swen. Men, yon lopital ki byen ekipe ap gen kèk zouti pou ede bebe ki malad, ki twò piti, oswa ki fèt anvan lè.

Yon **kouvèz** se yon bwat ki pou kenbe yon bebe ki twò piti oswa ki malad. Menm jan ak anpil lòt zouti medikal, moun ka sèvi avè l twò souvan. Pifò bebe rete cho pi byen lè yo nan bra manman yo, kole kò ak kò avè l.

Yon **tant oksijèn** oswa yon chapo oksijèn bay bebe a oksijèn anplis. Sa ka ede yon bebe ki pa ka respire byen.




Respiratè

Yon **respiratè** ede yon bebe respire si l malad anpil.



Tib alimantasyon

Yon **tib alimantasyon** pase nan nen bebe a pou rive nan vant li. Yo sèvi avè l lè bebe a twò fèb pou l pran tete. Lopital la ka mete lèt yo achte nan mamit nan tib la, men, lèt yo tire nan tete manman an alamen pi bon (gade paj 285).



Aparèy pou kontwole kè


Aparèy pou kontwole kè ak lòt kalite aparèy tache sou kò bebe a pou mezire batman kè l ak lòt siy fizik li yo.

Sant medikal yo bezwen sipò kominote a

Chak kominote dwe gen yon sant medikal ki gen materyèl yo gen bezwen. Omwen, yon sant medikal dwe gen pwofesyonèl lasante ki abil ansanm ak kèk materyèl de baz ki ka ede sove lavi, tankou oksijèn, sèten medikaman, epi ekipman esterilize k ap pèmèt yo fè operasyon. Men malerezman, pifò lopital ak klinik pa gen tout materyèl yo bezwen yo.

Kèk kominote pa gen ase lajan pou depanse pou lopital ak swen sante. Epi, anpil kominote prefere depanse lajan yo pou fè lagè oswa pou pwofi moun ki deja rich olye pou yo ede rezoud pwoblèm swen sante pèp la.

Èske gen yon bagay fanmsaj yo ka fè pou yo pote chanzman nan sans sa a?



Twòp sant medikal, klinik, sant sante, ak lopital pa genyen sa yo bezwen pou bay menm swen sante de baz la.

Konnen ki lè pou al lopital

Lè yon fi gen yon gwo pwoblèm sante, oswa li riske gen yon gwo pwoblèm, li bezwen al lopital san pèdi tan. Lè yon fi an danje, fanmi l ak fanmsaj la ka panse pa gen espwa pou li ankò. Se pa vre. **Si nou chèche asistans medikal rapid, sa ka sove lavi fi a.**



Yon fi ki rete byen lwen andeyò ka pran plizyè jou pou l rive nan sant medikal ki pi pre a. Gen fi ki pran bis oswa yo mache plizyè kilomèt pou yo rive kote yo ka jwenn asistans medikal. Menm fi ki rete toupre yon lopital gendwa pa ale ladan l paske yo pa gen lajan oswa transpò. Se pou w planifye ki jan w ka mennen yon fi nan yon sant medikal **anvan** li nan yon ka dijans, e se pou w fè planifikasyon sa ansanm avèk chak fanmi epi avèk tout kominate a. Gade paj 106 pou w jwenn lide sou kòman pou w fè aranjman transpò.

PRAN YON DESIZYON RAPID POU AL LOPITAL

Si w wè yon siy nepòt lè ki montre gen risk, pa ret tann. Si w ka trete pwoblèm nan lakay, fè sa vit. Si w pa ka trete l ou menm, oswa si w eseye epi anyen pa chanje, li lè pou w al lopital!

Tank ou al lopital pi vit, se tank pwofesyonèl k ap travay nan sant medikal la oswa lopital la ap kapab ede fi a ak pitit la pi byen.

Travay an kolaborasyon ak sant medikal yo ak doktè yo

Fanmsaj, enfimyè, doktè, ak lòt pwofesyonèl lasante dwe travay ansanm an favè sante medam yo ak sante fanmi yo.

Fanmsaj yo bezwen sant medikal yo ak doktè yo. Lè yon fi gen yon ijans medikal, yon fanmsaj ki gen bon konprann konnen se yon sant medikal kote fi a ap jwenn meyè swen.

Malerèzman, anpil doktè pa konprann jan yo bezwen fanmsaj yo. Doktè resevwa fòmasyon sou ki jan pou yo aji nan ka dijans, e anpil ladan yo trete chak akouchman tankou yon ka dijans. Men, fanmsaj yo se ekspè nan akouchman nòmal ki fèt san pwoblèm.

Jeneralman, yo gen plis pasyans ak konfyans yon fi ki an tranche bezwen pou l akouche. Anpil fanmsaj konnen kòman pou yo itilize remèd fèy, kòman pou bay masaj, kòman pou vire yon bebe san pwoblèm, oswa yo gen lòt konesans yo pa anseye nan lekòl lamedsin yo.



Doktè yo ka pa apresye kapasite espesyal fanmsaj yo genyen. Yo gendwa imilye sitou fanmsaj tradisyonèl yo epi konsidere yo kòm moun ki pa edike oswa ki pa konpetan. Li gendwa difisil anpil pou yon fanmsaj kolabore ak yon sant medikal an favè yon fanm ansent.

Poutèt defi sa yo, li enpòtan pou w kiltive yon bon relasyon avèk sant medikal yo epi avèk doktè yo **anvan** yon ka dijans rive. Konsa, lè w bezwen èd, gen plis chans pou yo resevwa w ak respè. Eseye pale avèk omwen yon doktè ki sanble li konprann enpòtans fanmsaj yo genyen. Pale sou ki jan w ta renmen kolabore avèk lopital la. Si sa posib, yon reyinyon ant yon gwooup fanmsaj avèk yon gwooup doktè ka ede tout mout kolabore youn ak lòt.

Lè fanmsaj ak lopital gen tèt ansanm, tout moun benefisyé. Lè yon fi an danje, si fanmsaj la voye l lopital byen vit, doktè yo gen plis bagay yo ka fè pou anpeche yon pwoblèm grav rive. Epitou, yon fanmsaj ki jwenn respè ap pi anvi mennen fi a lopital. Men yon istwa ki te pase toutbon:

Yon fanmsaj ki pa t janm bay vag:

Neusa se yon fanm toupliti ki travay latè nan peyi Brezil, men li se yon fanmsaj tou. Laura, youn nan medam Neusa t ap pran swen yo, te ansent 3 fwa déjà, men toule 3 pilit yo te mouri nan foskouch paske li te fè tansyon wo epi kriz te pran l chak fwa li rive sou dènye mwa gwochès la. Laura te toujou tris, li te poze l, e li te reziyen l pou l pa janm gen pilit. Neusa te pale ak Laura sou zafè sante l, epi li te ba l vitamin ak ankourajman sou kesyon gwochès la. Laura potko janm jwenn swen konsa. Laura te toujou kontan lè Neusa t ap vin rann li vizit. Yon jou sou uityèm mwa gwochès la, Laura te leve avèk yon gwo tèt fè mal epi pye l te anfle. Laura pa t gen yon glas nan ti kay pay li a pou l te ka wè figi l, men lè Neusa te rive, li te sezi wè kòman figi Neusa te anfle. Neusa te konnen si Laura pa t jwenn èd, li t ap pèdi pilit sa a tou, e menm li menm li te ka mouri!

Piske se te semèn anvan Nwèl, lopital la te gen sèlman kèk doktè ak enfimyè ki t ap travay. Yo pa t vle pran plis malad, donk, yo te bay Laura yon piki epi yo te voye l lakay li pou l tann lè pou pilit la fèt. Neusa pa t dakò ak sa, e li t al wè direktyè lopital la pou l te ka esplike l sitiyasyon Laura a ak pwoblèm li te genyen nan gwochès anvan yo. Men, menm apre direktyè a te fin wè badj li epi li tande Neusa se yon fanmsaj, li te di Neusa pa gen plas nan lopital la, epi se pou l mennen Laura al tann lakay li a.




Men, Neusa pa t bay vag. Li te konnen Laura te nan yon kondisyon ki twò danjere pou l ta mennen l tounen lakay. Olye de sa, li te mennen Laura nan yon komisarya lapolis. Lè l rive, li fè yon pakèt bri. Li se yon ti bout fanm se vre, men li gen yon vwa avèk yon ekla nan je l pèsom pa ka blye. Lè l nan batay, ou pa ka pa wè l.

Finalman, yon machin lapolis mennen Neusa ak tout Laura nan yon lopital ki te nan yon distans inèdtan parapò ak kay Neusa a. Distans pou yo te rive, tansyon Laura a te monte byen wo, donk doktè yo te fè yon sezaryèn, epi Laura te fè yon pilit gason byen pòtan. Konesans Neusa, dètèminasyon l, ak lanmou l genyen pou travay li te sove lavi pilit la, e petèt li te sove lavi manman an tou.

Nan yon system kote sèvis sante mache byen, fanmsaj avèk doktè travay nan tèt ansanm.

- Lè yon fanmsaj mennen yon fi lopital nan yon ka dijans, li dwe gen dwa pou l rete avèk fi a pandan tout peryòd akouchman an. Sa ap pèmèt fi a pi anvi al lopital lè gen yon ka dijans, paske l ap pi poze e l ap santi l pi an sekirite. Epitou, sa ap pèmèt fanmsaj la aprann pandan l ap gade kòman sant medikal la ap trete ka dijans yo.
- Fanmsaj, doktè, ak lòt pwofesyonèl lasante yo dwe pale youn ak lòt sou zafè pwoblèm sante ki genyen nan kominate a, epi sou kòman chak ladan yo ka ede rezoud pwoblèm sa yo.
- Fanmsaj yo ta dwe ka poze doktè yo kesyon sou lamedsin, epi doktè yo dwe reponn kesyon yo alèz. Doktè ak sant medikal yo ka bay fanmsaj yo materyèl ak fòmasyon.



PANDAN W NAN SANT MEDIKAL

Sant medikal ak lopital yo gen pwòp regleman ak metòd pa yo. W ap santi yo etranj pou w jiskaske w vin abitye avè yo.

Si w ka akonpanye fi ki gen pwoblèm sante a lè l vin nan sant medikal la, ou ka **aprann** pwosedi ak teknik sa yo epi w ka **esplike** yo bay fi a ak fanmi l. Petèt ou ka menm ede **chanje** pwosedi ki pa nesesè yo.

Aprann nan men moun sant medikal yo

Suiv tout bagay k ap fèt nan sant medikal la. Poze kesyon lè w kapab.



Esplike sa k ap fèt la

Fè fi a ak fanmi l konnen poukisa chak pwosedi ap fèt. Asire w fi a konprann epi li dakò ak tretman y ap fè pou li a.

Travay pou n ka chanje pratik ki pa nesesè, ki pa montre respè, oswa ki danjere

Gen kèk bagay lopital yo fè ki pa nesesè. Yo ka bay medam yo malèz san okenn bon rezon. Pa egzanp, pa gen okenn rezon pou raze plim vajen yon fi ki pral fè yon akouchman nòmal. Li pa nesesè, men anpil lopital fè l. Yon lòt bagay lopital renmen fè se epizyotomi (koupe ouvèti vajen an) anvan chak akouchman pou yo ka asire ap gen pasaj pou pitit la. Sa pa nesesè. Sa ka lakòz plis dechiri ki rive jis nan twou dèyè fi a, epi li ka pa geri byen menm jan ak yon dechiri ki pi piti.

Si w gen yon bon relasyon ak yon sant medikal, ou ka sijere pou yo pote kèk chanjman. Li pwobab pou w gen plis siksè si w sijere yon sèl chanjman alafwa. Men kèk bagay ki ka plis enterese w:

- Yo dwe esplike pwosedi yo byen klè bay moun k ap resevwa 1 la.
- Medam yo dwe gen dwa pou yo manje e bwè pandan yo gen tranche.
- Se pou yo bay (ankouraje) medam yo chita, kanpe, oswa mache pandan yo gen tranche.
- Medam yo ta dwe kapab akouche chita, akwoupi, oswa kanpe.
- Yo dwe evite pwosedi ak operasyon ki pa nesesè (tankou epizyotomi ak sezaryèn).
- Medam yo ta dwe kapab kenbe tibebe yo kou yo fin akouche. Yo dwe ankouraje yo bay yo tete tousuit.
- Tibebe dwe rete bò kote manman yo; se pa nan kouvèz oswa pepinyè pou yo rete, sof si gen yon ka dijans.

